



jihaadleen ak bokkaalekat yi ci seen alal ak seen bakkan ak seen làmmeñ

Jèle naňu ci Anas Ibn Maalik yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu jèle ci Yonnente bi
yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «jihaadleen ak bokkaalekat yi ci seen
alal ak seen bakkan ak seen làmmeñ».

[Wér na]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc digle na ŋu jihaad ak yéefar yi ak def lu ŋu
man ci jàmmaarlook ñoom ci bépp jumtukaay ngir kàddug Yàlla di gën a kawe, te bokk na ci
loolu: Bi ci njëkk: joxe alal ci jihaad leen; ci jënn ngàんなay, ak ub dund ci jihaadkat yi ak yu
ko niru. Ñaareel bi: jël sa bakkan ak sa yaram génn ngir daje ak ñoom xeex ak ñoom. Ñatteel
bi: woo leen jëme ci diine ji ci làmmeñ, ak taxawal lay ci seen kaw, ak jàjji leen delloo seen i
lay.

<https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/64597>

